

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipédar ngeunaan *wangunan operasional*, instrumén panalungtikan, populasi jeung sampel sarta léngkah garapanana. Pikeun leuwih écésna dipedar ieu di handap.

3.1. Wangenan Operasional

Sangkan leuwih gampang dina nganalisis data, perlu dijéntrékeun heula sababaraha istilah anu dipaké dina judul panalungtikan. Eta pakecapan téh nya éta pakecapan,

- 1) Babandingan atawa komparasi nya éta téhnik analisis dua hal, kaasup unsur basa, boh dina sawaktu (sinkronis) boh dina dua kurun waktu (diakronis). Dina ieu panalungtikan digunakeun babandingan sawaktu (sinkronis), anu satuluyna dipatalikeun kana analisis kontrasif, nya éta analisis sasaruana jeung bédana dua basa dina sawaktu.
- 2) Pakecapan, anu ilahar disebut kabeungharan kecap atawa kandaga kecap (leksikon), nya éta sajumlahing kecap anu aya dina hiji basa. Biasana disusun kalawan alfabétus, dibéré harti dénotatif mauapun akonotatif.
- 3) *Basa Sunda* nya éta basa indung (*mothertongue; first language*) urang Sunda anu diparaké kénéh ku masarakatna, boh di tatar Sunda boh luareun tatar Sunda (Sudaryat, 1985: 10). Basa Sunda téh basa nu dipaké tur nu dipibanda ku urang Sunda.

- 4) *Basa Minang* nya éta basa indung (*mothertongue; first language*) urang Minangkabow anu diparaké kénéh ku masarakatna, boh di tatar Sumatra boh luareun tatar Sumatra.
- 5) Wanda adegan pakecapan (struktur leksikal) mangrupa hubungan harti anu nyangkaruk dina kecap dipatalikeun kana harti kecap séjénna, saperti sinonim, antonim, homonim, polisemi, jeung kecap sawanda.
- 6) Harti kecap nya éta harti anu aya dina hiji kecap, anu disebut harti léksikal. Pikeun kaperluan nu tangtu dina panalungtikan, bisa waé dimangpaatkeun harti gramatikal.
- 6) Bahan pangajaran nya éta matéri anu dipaké dina diajar atawa ngajar, boh di jero kelas boh di luar kelas, sangkan meunang pangalaman pikeun ngarobah paripolah hiji jalma. Bahan pangajaran basa bisa patali jeung pakecapan (kabeungharan kecap), adegan basa, sarta wacana dina kamahéran basa.
- 7) SMA, pondokna tina Sekolah Menengah Atas, nya éta satuan atikan saluhureun SMP, anu nyukangan atikan umum di Paguron Luhur atawa Perguruan Tinggi.

Dumasar kana katerangan di luhur bisa disebutkeun yén “Babandingan Pakecapan Basa Sunda jeung Basa Minang pikeun Bahan Pangajaran di SMA” nya éta déskripsi babandingan sawaktu (analisis kontrastif) pakecapan sangaran (homonim) Basa Sunda jeung Basa Minang anu dipaké dadasar nyusun bahan pangajaran di SMA.

3.2. Instrumén Panalungtikan

Pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan digunakeun pakakas atawa instrumén panalungtikan nu mangrupa sistem kartu data. Ukuran kartuna 15 x 25 cm. Eusi kartu data téh ngawengku nomer urut, nomer data, jeung kecap sangaran Basa Sunda (BS) jeung Basa Minang (BM). Satuluyna, éta pakecapan téh dianalisis ku cara niténan wangun sangaran (homonim), warna kecap, katut hartina.

Ieu di handap dipidangkeun conto kartu data kecap sangaran tina Basa Sunda jeung Basa Minang.

A	
Aban	(KLBM/1: KUBS/1)
Warna :	1) BM : Kecap pagawéan 2) BS : Kecap Barang
Harti :	1) 'neunggeul' 2) 'waktu'

Keterangan:

Alfabét	=	Susunan Abjad
KLBM	=	Kamus Lengkap Bahasa Minang
KUBS	=	Kamus Umum Basa Sunda
Wrk	=	Warna kecap
Harti	=	Harti kecap dina Basa Sunda jeung Basa Minang

3.3. Nangtukeun Ukuran Sampel

Sumber data dina ieu panalungtikan mangrupa dokumén, nya éta kamus. Aya dua kamus nu digunakeun salaku sumber data, nya éta *Kamus Lengkap Basa Minang* (KLBM) jeung *Kamus Umum Basa Sunda* (KUBS).

Kahiji, *Kamus Lengkap Basa Minang* (KLBM) anu disusun ku Drs. Gouzali Saydam, Bc.TT. Terbitna di Padang, Jalan Veteran No. 93, ku Penerbit Pusat Pengkajian Islam dan Minangkabau (PPIM), tahun 2004. Ukuran buku 17 x 25 cm. Kabehna aya dua jilid. Jilid I kandelna 429 kaca, ari jilid II kandelna 346 kaca.

Kadua, *Kamus Umum Basa Sunda* (KUBS) anu disusun ku Tim LBSS. Terbitna di Bandung, citakan ka-9, tahun 1999, ku Penerbit Tarate. Ukuran buku 14,5 x 20,5 cm. Kabehna aya sajilid. Kandelna 568 kaca, ditambah panyarungsum 7 kaca. Ieu kamus téh dina taun 2007, di Bandung, ku penerbit Geger Sunten. Ukuran buku 17,5 x 25,5 cm. Kandelna 524 kaca.

Tina éta sumber data dicatet sakabéh kecap sangaran (homonim) Basa Sunda (BS) jeung Basa Minang (BM). Sakabéh kecap anu dicatet dijadikeun populasi. Sakabéh populasi dijadikeun sampel. Jadi, ieu panalungtikan téh ngagunakeun sampel total.

3.4. Téhnik Ngumpulkeun Data

Data ieu panalungtikan dikumpulkeun maké téknik studi dokumentasi atawa studi pustaka. Anapon léngkah-léngkahna kieu.

- 1) Maca jeung nyirian kecap Basa Sunda nu sawangun jeung Basa Minang.
Carana dibalikkeun, nya éta tina kamus Basa Minang (BM) heula, tuluy kana Basa Sunda (BS).
- 2) Nyalin kecap sangaran BS-BM jeung hartina kana kartu data.

3.5. Téhnik Ngolah Data

Tarekah ngolah data dina ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik analisis teks. Sanggeus data kecap sangaran BS-BM dikumpulkeun, tuluy diolah ngaliwatan léngkah-léngkah saperti ieu di handap.

- 1) Niténan data kecap sangaran BS-BM nu geus di kumpulkeun tina kamus,
- 2) Nyusun kecap sangaran BS-BM nu kapanggih tina kamus sacara alfabétis.
- 3) Nganalisis data kecap sangaran BS-BM dumasar kana
 - (a) Wangun kecapna;
 - (b) Warna kecapna, jeung
 - (c) Harti kecapna.
- 4) Ngadéskripsikeun, napsirkeun, tur nyindekeun kecap sangaran BS-BM anu kapanggih tina kamus.